

## **Vandè charyo vèt yo (Green Cart) kapab kounye a ofri dlo, nwa, fwi ak legim ki tranche epi ki koupe.**

Vandè manje ki gen yon pèmi pou vann fwi ak legim ke Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC (NYC Department of Health and Mental Hygiene) kapab ofri kounye a plis manje ki bon pou sante. Men kijan pou ofri dlo pou bwè nan boutèy, nwa, ak fwi ak legim ki tranche ak sa ki koupe ki deja vini ak anbalaj nan charyo ou oswa kamyon w lan.

### **Dlo**

- Ou ka ofri dlo nan boutèy, nan bwat oswa nan katon ki fèmen.
  - Dlo a ka toujou nòmal oswa gazez epi li ka gen ladan awom oswa mineral.
  - Dlo a **pa ka** gen sodyòm oswa pwodwi natirèl oswa atifisyèl ki pou fè li sikre epi li dwe gen zewo kalori.
  - Kit dlo a nòmal oswa gazez, dlo a dwe soti kay yon pwodiktè ki sètifye pa Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (FDA) oswa Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health).
- Ou **pa** gendwa ofri kliyan dlo ou vide nan yon tas ki soti nan yon krich, boutèy, tank dlo potab oswa nenpòt lòt vesò.
- Pou kenbe dlo nan boutèy, nan bwat oswa bwat katon sou glas, ou dwe genyen sou charyo ou a yon konpatiman ki pou kenbe yo glase ki pèmèt glas la koule nan yon rezèvwa dlo ize (dlo ki pa pwòp, ke yo fin itilize) ki tou nan charyo a.

### **Nwa**

- Ou ka ofri nwa kri, nwa ki pa melanje ak lòt engredyan.
- Ou **pa ka** ofri nwa ke yo ajoute ladan sik, sèl, pwav, lwil, asezonman, awom oswa nenpòt lòt engredyan. Nwa yo **pa dwe** kwit, griye, melanje oswa ki gen sik.
- Nwa ki te deja kale yo dwe nan yon anbalaj depi byen anvan, swa se fabrikan ki anbale yo, swa se vandè a ki fè sa nan yon magazen mobil kote yap vann manje ki gen otorizasyon, epi yo **pa ka** anbale nwa yo nan charyo a oswa nan kamyon an.
- Nwa ki toujou nan kokiy yo, ki poko kale, yo ka anbale yo nan charyo a oswa nan kamyon an, oswa gen yon preanbalaj komèsyal, oswa anbale nan yon magazen mobil kote yap vann manje ki gen otorizasyon. Nou **pa ka** kale nwa yo nan charyo a oswa nan kamyon an.

### **Fwi ak legim ki tranche, ki koupe epi ki pre-anbale**

- Ou ka ofri fwi ak legim ki tranche, ki koupe epi ki pre-anbale Fwi ak legim yo dwe kri, fre ak dekonjle.
- Fwi ak legim yo dwe tranche oswa koupe epi pre-anbale swa komèsyalman pa fabrikan an, oswa pa vandè a nan yon magazen mobil kote yap vann manje ki gen otorizasyon. Nou **pa ka** koupe oswa tranche fwi ak legim yo sou charyo a oswa sou kamyon an.
  - Vandè yo dwe genyen ekipman pou kenbe fwi ak legim ki an tranch yo oswa ki koupe yo epi ki pre-anbale yo nan yon tanperati ki egal oswa pi ba pase 41 degre Fahrenheit (5 degre Sèlsiyis).

- Ekipman pou kenbe yo fre a ki sèvi ak glas dwe vide nan yon tank dlo ize ki tou nan charyo a oswa kamyon an.
- Dwe gen yon tèmomèt ki gen yon tij nan charyo a oswa kamyon an pou mezire tanperati manje yo.
- Dwe gen yon tèmomèt ekipman pou mezire tanperati ekipman ki la pou kenbe manje yo fre a.
- Yo dwe kalibre tèmomèt yo. Pou jwenn yon gid kalibraj, ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche **thermometer calibration guide**.
- Manje ki anbale yo dwe estoke yon fason pou dlo glas la fè a lè li fonn pa antre nan anbalaj la. Sèvi ak resipyan oswa anbalaj ki pa kite dlo pase.
- Nenpòt pati nan anbalaj la ki ta ka itilize kòm yon sifas pou manje oswa pou bwè **pa ka an kontak dirèk ak glas la oswa dlo glas la fè lè li fonn.**

### **Anbalaj Manje yo nan Magazen manje a**

Si ou anbale pwòp manje ou olye pou ou ofri manje ke pwodiktè an deja anbale, ou dwe anbale yo nan yon etablisman tankou yon magazen manje ki gen yon pèmi Depatman Sante. Ou dwe swiv egzijans yo sou sa ki gen pou wè ak etikèt yo ke Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk (NYS Department of Agriculture and Markets) la enpoze, epi peze anbalaj yo ak yon balans ke menm Depatman sa ka kalibre epi enspekte oswa ke Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Nouyòk la (NYC Department of Consumer and Worker Protection) ka kalibre epi enspekte.

Pou enfòmasyon sou:

- Egzijans sou sa zafè etikèt, ale sou sitwèb **agriculture.ny.gov** epi chache **food labeling**.
- Enspeksyon balans, ale sou sitwèb **nyc.gov/dca** epi chache **scale inspections**.
- Pou konnen yon magazen mobil kote y ap vann manje ki gen otorizasyon, rele Biwo Ijyèn Manje ak Asenisman Kominote a (Bureau of Food Safety and Community Sanitation) nan 212-676-1650 oswa 212-676-1651, oswa voye yon imèl nan **infobfscs@health.nyc.gov**.

### **Nouvo Ekipman yo dwe genyen yon nouvo enspeksyon anvan pèmi.**

Si w fè chanjman nan charyo w la oswa nan kamyon w lan, tankou ajoute nouvo ekipman pou kenbe manje yo fre, ou dwe gen yon nouvo enspeksyon anvan Depatman Sante a ba ou pèmi. Rele nan 212-676-1650 pou pran yon randevou.

### **Pa gen Chanjman nan Kondisyon pou Stokaj pou Magazen Manje a**

Vandè ki gen pèmi pou fwi ak legim yo ka kontinye mete charyo yo oswa kamyon yo nan yon lòt etablisman ki apwouve menm si yo ofri nouvo manje sa yo. Manje dwe kontinye estoke nan yon magazen manje ki otorize.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pèmi ak enspeksyon, ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chache **mobile food vendors**.

Si ou ta genyen kesyon, ekri nou nan **infobfscs@health.nyc.gov** oswa rele nan 212-676-1650.